

Voye lajan aletranje avèk plis konfyans.

Kounye a, depans pou transfè lajan entènasyonal pi fasil pou wè ak konprann.

Sèten pwoteksyon federal gen dwa aplike si w voye lajan aletranje.

Nan mwa Oktòb 2013, lalwa federal te kòmanse egzije anpil konpayi transfè lajan, bank, inyon kredi, ak petèt lòt kalite konpayi sèvis finansye pou founi w avèk plis enfòmasyon anvan ou fè yon transfè lajan entènasyonal. Pwoteksyon adisyonèl disponib apre transfè a fin voye. Pwoteksyon sa yo aplike nan pifò transfè lajan yo ki plis pase \$15 ki soti nan men moun nan Etazini k ap voye lajan bay zanmi, fanmi oswa lòt moun ki pa rete nan peyi a.

Anvan ou voye lajan, ou pral aprann plis sou:

To echanj, frè ak taks ou pral peye, ak kantite lajan an ki pral resevwa.

Epitou, w ap resevwa enfòmasyon konsènan:

Kilè lajan an pral disponib nan destinasyon li, dwa w pou anile transfè a, ak kisa pou w fè si w kwè yon erè te fèt.

Pwoblèm avèk tranzaksyon ou? Ou gen pwoteksyon nouvo.

Si w kwè yon erè te fèt avèk transfè w epi w diskite erè a avèk konpayi a, anjeneral li pral gen 90 jou pou envestige zafè a. Epitou, konpayi a

dwe notife w sou rezilta ankèt la. Nan sèten ka, tankou si lajan an pa janm rive, ou gen dwa resevwa yon ranbousman oswa voye transfè a ankò.

Règleman an pa aplike pou chak konpayi ki voye transfè lajan.

Pa egzanp, lalwa federal pa aplike bay konpayi ki kontinyèlman voye 100 oswa mwens transfè lajan entènasyonal chak ane.

Ou pa sèten sou kimoun pou w kontakte?

Si w gen yon plent epi w pa konnen kimoun pou w kontakte, soumèt yon plent bay CFPB a. Nou pral voye plent ou bay konpayi a epi travay pou resevwa yon respons nan men yo. Si nou konnen yon lòt ajans ki ta kapab pi byen ede w, nou pral voye plent ou bay yo epi nou pral fè w konnen.

Lòt pwoteksyon gen dwa disponib ba w, depandan sou kouman ou voye lajan ak lwa nan eta w.



Consumer Financial
Protection Bureau

Pou aprann plis: Rele
855-411-CFPB (2372).